



Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON ASISTANS FEDERAL SINIFIKATIF POU REDUI DEPANS POU IILIZASYON ENÈJ POU NOUYÒKÈ YO

*Lwa sou Rediksyon Enflasyon an ede sipòte enèji nikleyè nan Eta New York*

*Nouyòkè resevwa dè santèn milyon dola ekonomi*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gras ak Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) an, plizyè milyon Nouyòkè pral wè yon rediksyon nan bòdwo sèvis piblik yo. Finansman IRA a pral ede sipòte izin nikleyè New York yo pou yo delivre elektrisite zewo emisyon pou Nouyòkè yo. Kredi taks federal pou pwodiksyon nikleyè, Kongrè a te adopte a epi Prezidan Biden te siyen an kòm yon pati nan IRA a, pral bay yon sipò finansye enpòtan pou kat reyaktè nikleyè k ap fonksyone nan New York epi kidonk sa k ap diminye peman fiti kontribiyab New York yo pou enstalasyon sa yo.

"Lwa Rediksyon Enflasyon an te enpòtan anpil pou ede Nouyòkè yo bese pri sèvis piblik yo, pandan l ap ede eta a diminye emisyon yo epi konfwonte defi mondyal chanjman klimatik la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou apresye patenarya solid ak Prezidan Biden, Administrasyon li a ak Delegasyon Kongrè Demokratik New York la pou avanse yon New York ki pi abòdab epi ki pi fasil pou viv grasa ak enèji abòdab ak elektrisite zewo emisyon."

Objektif ak politik IRA yo sipòte inisyativ ak estrateji yo te etabli deja pa Eta New York pandan dènye desni N. An 2016, kòm rekonesans ak efè negatif chanjman klimatik yo sou sante piblik, anviwònman an, ak ekonomi an, Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York la te aplike Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard, CES), ki s yon pwogram inik nan nasyon an pou preskri manda rediksyon kabòn pou pwodiksyon elektrisite nan New York. An 2019, Eta a te adopte Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) oswa Lwa Klima, yon lwa inogirasyon sou chanjman klimatik ki adrese emisyon kabòn. Lwa sou Klima a ap chèche diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik nan tout eta a 40 pousan pa 2030, e pa mwens pase 85 pousan dis 2050, apati nivo 1990 yo. Lwa sou Klima a egzije tou pou rezo elektrik Eta a gen 100 pousan zewo emisyon dis 2040.

**Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare,** "Mwen bat bravo pou Prezidan Biden, Gouvènè Hochul ak Kongrè Ameriken an pou efò yo fè pou asire Lwa sou Rediksyon Enflasyon an pral sipòte operasyon kontinyèl mezi enpòtan yo pou adrese chanjman klimatikla. Sa ki pi enpòtan, ak aksyon PTC la, yo ta dwe adrese enpak potansyèl sou konsomatè yo nan eta ki te aji yon fason pwo-aktif pou konbat chanjman klimatik lè yo rekonèt valè atribi anviwònmanal ki asosye ak jenerasyon elektrisite san gaz a efè sè nan enstalasyon nikleyè yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Sipò federal enpòtan sa a, ki te rann posib gras ak Lwa istorik Prezidan Biden lan Rediksyon Enflasyon an, pral ede asire izin New York yo ka kontinye kontribiye nan objektif klimatik ak enèji pwòp nou yo k apmennen nan peyi pandan y ap maksimize opòtinite pou yo ofri gwo ekonomi pou Nouyòkè yo nan tout eta a. Konstellation Energy te yon patnè depi lontan nan efò Eta a pou bay elektrisite fyab ak zewo emisyon nan rezo elektrik la kòm yon pati nan pòtfèy resous pwòp divèsifye li yo."

Nan mwa out 2016, apre yon pwosedi administratif konplè, PSC te kreye Egzijans Kredi Zewo Emisyon (Zero Emission Credit, ZEC) New York la pou prezève atribi nikleyè zewo emisyon yo. Pou aplike Egzijans ZEC la, PSC te otorize Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEERDA) pou antre nan yon kontra plizyè ane pou achte ZEC nan men enstalasyon nikleyè ki kalifye ki te demontre yon nesosite piblik. Kat reyaktè nikleyè yo - Ginna, Fitzpatrick, ak Init 1 ak 2 nan Nine Mile Point - PSC te konfime ke yo satisfè estanda nesosite piblik la. Yo te siyen kontra ZEC ak NYSEERDA akòz kontribisyon istorik ki verifyab nan chak izin pou enèji pwòp, revni mache ensifizan chak izin prevwa, benefis ak depans ZEC yo konpare ak lòt altènativ enèji pwòp, ak enpak peman ZEC sou kontribiyab yo.

Lè li te kòmanse pwogram ZEC la, PSC te rekonèt tou ke pwogram nan ta ka ajiste alavni si gouvènman federal la pita bay sipò finansye pou enstalasyon enèji nikleyè yo. Kredi taks federal pou pwodiksyon ki fèk adopte kounye a bay sipò sa yo.

Kontra ZEC pou chak izin yo administre nan sis faz dezan, premye faz la te kòmanse le 1e avril 2017. Pri ZEC nan chak faz etabli pa yon pri baz ZEC ki reflekte pri sosyal gouvènman federal la nan kabòn, ki ka ajiste alabès epi ki te fèt ak kòmansman katriyèm faz la nan dat 1e avril 2023.

Kontra ZEC yo prevwa ekspresman yo ta ajiste peman ZEC yo pou yon chanjman nan lwa ki chanje materyèl orijinal benefis ekonomik kontra a, tankou yon kredi taks federal ki vize pwodiksyon nikleyè tankou kredi taks pwodiksyon (production tax credit, PTC) IRA. Lè Constellation kòmanse reklame PTC federal la ki reflekte dwa pwopriyete li nan inite pwodiksyon nikleyè nan nò Eta New York sou deklarasyon taks antrepriz li an 2025 pou ane fiskal 2024 la, PTC a pral itilize pou diminye peman ZEC yo. PTC a pral redwi depans pou kliyan elektrisite New York yo, sa ki kapab lakòz plizyè santèn milyon dola nan ekonomi, apati 2025.

Constellation Energy posede oswa kontwole kat reyaktè nikleyè ki fonksyone nan Eta New York la ki sitiye nan sit Ginna, Fitzpatrick, ak Inite 1 ak 2 Nine Mile lan sou Lak Ontario.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)